Nomer 7 · Salasa 17 Augustus 1926 (7 Sapar 1345) Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Sahambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

Artos langganan kwartaal ka III tahoen 1926 enggal kintoenkeun oelah lepat deui.

Koemargi djoeragan Soetisna teu damang, serat-serat anggoeun Redactie Sipatahoenan adreskeun ka Kedjaksansteeg No. 10 Tasikmalaja.

## Abonementskaart S. S. pikeun moerid.

Abonementskaart S.S, pikeun moerid harganа bareto mah f 1,— saboelan, tapi ajeuna f 2.— Ieu harga f 1 a f 2. teh beunang diseboet moerah oge oepama dibandingkeun djeung ongkos kareta biasa.

Noe mantak harganа dimoerahkeun siga-sigana bae di dieu lain neangan oentoeng tapi saolah-olah rek noeloeng ka kolot noe boga boedak koedoe sakola di tempat sedjen lantaran di tempatna sorangan euweuh sakola noe dipikahajang tea oepamana H.I.S. Schakelschool Eur. Lagere School atawa Mulo, Rek dipondokkeun di tempat noe aja sakola tea koerang tjoekoep piwaragadeunana atawa lantaran koe melang tea sagala roepa, bisi noe diaudjrekan koe boedak tea koerang hade ngoeroesna ka boedak, djadi kapaksa boedak teh koedoe ngadoegdag oenggal poe boelak-balik ka sakola ka imah. Ieu abonementskaart teh djadi pertoeloeloengan gede. Ngan bae katjida karasa beuratna keur noe rea anak, komo oepama pangasilanana teu sabaraha reana. Oepama noe ngan boga anak hidji mah majar saboelan f 2.— basadjan bae, tapi koemaha oepama noe boga boedak ongkosaneun tiloe atawa opat, katjida ieu teh beuratna, mangkaning di oerang Priboemi mah rada aja oge noe boga tiloe atawa opat noe sakola teh. Koe sabab eta gadoeh panoehoen ka pangagoeng S S. babakoena ka Hoofdinspecteur S.S. koemaha oepama abonnementskaart S.S. teh dirobah diatoer soepaja oelah beurat teuing keur koerenau (gezin) noe boga rea oeroeseun boedak, nja eta make atoeran beuki rea beuki moerah (regressief), oepamana bae bajaran abonnementskaart boedak ka I f 2,— boedak ka II f 1 boedak ka III djeung satoeloejna f 0.50

Djadi nde noga boedak tiloe teh henteu majar 3 × f 2.— = f 6,— tapi f 2, + f 1. + f 0.50 = f 3,50 atawa koerang f 2,50. Ieu saringgit teh keur noe rea oeroeseun mah katjida lain loemajanana teh komo keur kolot noe koerang ti f 75, mah pangasilanana satoelan.

Eta meureun aja noe njangka hese ngatoerna bisi boedak enja-enja lain sadoeloer lain naon tapi diseboetkeun saoerang noe ngoeroesna bajang moerah tea.

Ah ieu gampang pisan apan ambtenaar S.S. bisa menta katerangan ka noe djadi kapala sakola naha eta doea a tiloe boedak teh saoerang noe ngoeroesna atawa beda-beda? Kepala sakola gampang pisan nerangkeunana sabab boedak-boedak noe bajaranana ditangoeng koe saoerang mah (koe bapana atawa pangoeroesna) beda deui atoeranana oepama boedak ka I majar f 3, boedak ka II f 2, boedak ka III djeung satoeloejna f 1. Atoeran ajeuna oge aanvraag abonnementskaart pikeun moerid teh koedoe oenggal boelan ditanda koe kapala sakola, hidji boedak moal dibere abonnementskaart oepami teu diseboetkeun koe kapala sakola jen eta boedak sakola keneh.

Koe aja atoeran ieu S.S. moal sabaraha karoegianana lantaran teu rea pisan djalema noe boga anak leuwih ti doea tiloe sakola, tapi oepama aja atoeran regressief S.S. katjida mere pertoeloengan gede ka kolot-kolot noe boga anak leuwih ti hidji keur sakola. Mangkaning bajaran sakola oge komo bajaran H,I.S. mah koe kolot-kolot teh ajeuna katjida karasa beuratna.

Moega-moega bae ieu panoehoen koe S.S. ditampi pikeun noeloeng sepoeh-sepoeh noe katjida ngaraos beuratna majar sakola sareng abonnementskaart, doegi ka ngaloearkeun moerangkalihna ti sakola.

Ieu panoehoen dibarempagkeun dina kempelan „Pasoendan" kamari ieu sareng Hoofdbestuur „Pasoendan" bade njanggakeun ieu panoehoen ka Pangagoeng S.S.

A. s.

## Irrigatie Tjitandoej.

Rame di hidji desa koe noe pergadreng, meueus-meueus pahadreng, tapi koemaha boektina? Da poegoeh teu djeung prakna, nja teu aja pisan petikeunana. Mangkaning oenggal dina koempoelan taja deui ngan kawarasan katengtreman, karahardjaan nagara; koemaha rek bisa waras atawa hardja, oepama teu aja tjai? Tjindekna tjai nomer hidji, tjai djeung boemi loeloegoena anoe djadi tangkal kahiroepan, teu aja deui pang pangna teh.

Mangsa ieu, hal tjai entong boro di noe djaoeh ka kota. dalah di djero kotana pisan, saperti di Tasikmalaja, ngarasa ripoeh koe tjai pikeun mitjeun kokotor dina soesoekan soesoekan leutik anoe ngadatangkeun bibitna panjakitna tea. Tapi nja kaseboet leubeung ari di kota mah, oepama dibandingkeun djeung baredjadna sawah-sawah, gararingna balong balong di kampoeng, hese inoemeun oge, oepama teu paboro-boro njioek soemoer pang isoekna.

Ajeuna aja bedja anoe rada pelem pisan kana tjeuli, jen rarantjang baris moeka Irrigatie Tjitandoej geus ngolebat, tereb dioeroesna, katjida matak ngagoembirakeunana, matak ngagedekeunana hate, tetela pangagoeng ujaahna ka si leutik teh!

Tapi . . . . Lah, sok sieun nja halanganana. sok inggis dilila-lila deui padahal kaperloean geus sakieu njantekna, moen noe titeuleum mah, geu meh lebah tarang. Sanget-sanget panoehoen ka noe agoeng, sing enggal, oelah laaaaat, kedah ti taoen 1927, kadjeun rada noekangkeun lampoe listrik heulaanan. (Aloesna mah bareng Red.)

Malah matak naon oerang ngadjerit ka Raad Kaboepaten oge, soepados ngadamel MOTIE tina hal ngagentakkeun Tjitandoej, bisi madjar rada koerang perloe pendekna R.K. kadjeun njanggoepan oge hal nambahan waragad keun koemaha engke bae ari di na boektina mah. Da mani leh, poegoeh dina hate mah kadjeun ngagadekeun iket bae, pikeun miloe oeroenan, bawaning koe . . . . lah, tjing mangga atoeh barantoean kedah koemaha koering teh nerangkeunana, koe hjang tjai.

Mindoan deui panoehoen, moegi Goesti noe ti pajoen ngadamel Irrigatie oelah dielat-elat deui sareng moegi R.K. enggal ngadamel motie nerangkeun deui ka Pangagoeng, kaperloeanana Tjitandoej dibendoeng.

Sanggoepan naon bae noe matak ngadjadikeun enggal. Geus katjipta bae, Tjiloseh woengkoe! pikeun onderdistrict Tjisajong, kahilirna nja ditambah koe Tjitandoej tea (lebah Rarangdjami) tjoekoep pikeun kota Tasikmalaja, onderdistrict Tjibeureum djeung district Manondjaja. Malah saha noe terang djagana tiasa njaian ka Bandjar Da madjar teh aja dina boekna, jen Bandjar ditjaian ti Tjiloseh.

Djadi tetela, koe lantaran ngabendoeng Tjitandoej goenana bisa njaian (ngahiroepan) abdi abdi 4 onderdistrict mang reboe² hectare sawah djeung balong.

Djadi tetela, noe ti pajoen terang bener-bener kana kaperloean rahajat, tangtoe karasa enja-enja eta pangasih koe noe narimakeunana, amin.

Siki.

## TAHAJOEL.

Di kampoeng-kampoeng anoe djaraoeh ka bedoeg, malah aja di djero kota pisan, rea anoe kaseboet doekoen, atawa panarosan-panarosan, kabeneran anoe daratang ka dinja anoe katjida pertjajana, atoeh sakoemaha maksoedna laksana, karasa enja enja datang ka mikolot. Koemaha ari pikeun noe satengah pertjajana atawa samasakali teu pertjaja, nja lapoer teu aja goenana, Aja deui noe sok ngadodja, naha bener eta doekoen teh atawa pangoloan bae. anoe kitoe kaasoepna kana teu pertjaja bae. Koering di dieu teu rek njaritakeun jen sakabeh doekoen teu beunang dipertjaja, da aja noe sok meneran, tapi oepama dibanding djeung noe tara meneranana, sok rea noe teu benerna, noe matak aja paribasa doekoen lintoeh kasakit matoeh. Nja kitoe deui dina norah-norahna sok soelaja bae, paribasa koedoe diisaratan, dibeuli, dikanaatan.

Maksoed koering di dieu, manawi kamanah koe sadaja moeng sakadar njarioskeun. Oepama arandjeun bade ngadoekoen, ari sakinten manah aja sak atawa mangmang rada teu pertjaja mah langkoeng sae oelah bae, karana manah koe andjeun anoe matak djadi koeat teh, kana djadi atawa kana henteu teh ka noe dimaksoed, nadjan doekoen pinter oge, ari manah tjangtjaja mah, lapoer bae. Tapi oepama manah tjengeng; pertjajana ka eta ketjap-ketjap doekoen, tangtos enjana tangtos karaosna. Kapan tjek noe ahli kana kakoeatan pikiran mah, teu aja deui djampe noe matih ngan kapertjaan sorangan, sabab dina pikiran teh ngandoeng kakoeatan anoe santosa, pikeun merangan sagala pikiran pikiran anoe njamboeng ka dinja. Oepamana bae aja noe njingsieunan, oelah liwat ka eta tempat rea doeroewiksana (djoerigna), tah eta kari koemaha pikiran sorangan naha pertjaja atawa henteu, tjek pikiran henteu nja henteu, oepama pikiran mangsar mingsir nja sok rada moeriding boeloe poendoek, oelah dipaksakeun njorang ka dinja, bisi djadi tjilaka koe polah sorangan.

Di dieu aja hidji dongeng djalma noe teu pertjaja ka doekoen, tapi naha make daek nanja? kieu tjaritana:

Si Kabajan malarat pisan estoe njatoe sore teu isoek, pakean saretna dina awak bae, nanja ka doekoen maksoedna neda ditoedoehan djalan oesaha. Tjek doekoen: lapoer oedjang, dina kitabna atawa koedalapianana, oedjang teh baris teu boga tjalana-tjalana atjan . . koedoe diisaratan. . . . .

Si Kabajan da poegoeh teu pertjaja tjek hatena: Wah pangoloan bae, gantjang bae balik. Di djalan nendjo bajawak keur teuteuleuman di waloengan, atoh lain dikieuna: Lakadalah, bagdja temen, lamoen beunang tangtoe pajoe saringgit mah, bisa meuli samping djeung badjoe, wah naha make nanja ka doekoen, geuning ajeuna ge geus deukeut kana milik diri. Teu lila deui mikir, ngan keleweng bae bedogna noe ngan hidji - hidjina paranti ngala soeloeh dipake maleungpeng, atoeh lapoer bedog teu timoe deui, bajawakna asoep kana liang. Beuki panasaran, tjalana djeung badjoe dipake njotjokan liang bajawak, ari manehna ngodokan pangparatanana. Bajawak nobros njoenjoeboen pakean Si Kabajan loempat ka hilir, ari Si Kabajan djongdjon ngodokan liangna dihantem dirorodjok, katangen soteh bajawak geus djaoeh, tjalana djeung badjoe lapoer, ngan sirikna teu tjeurik Si Kabajan balikna disamping iket.

Beu, boa enja saomong doekoen teh! tjek Si Kabajan sadatangna ka imah bari ngahodhod tiris. Modal paranti ngala soeloeh lapoer, nja eta bedog tea, pakean ledis ngan kari iket, atoeh teu bisa loenta.

Peutingna aja laladjoaneun wajang di tatanggana, atoeh Si Kabajan toenga goe imah bae, ngan pamadjikanana anoe laladjo teh. Koe tina hajang laladjo, toeloej bae ngarakrak ampig dipake ngahalangan awakna soepaja oelah orat, atoeh ngan poepoeudoeran bae ngahalangan maneh koe ampig, djalma di pang laladjoan rame aja noe gelo, malah pamadjikanana oge miloe njoerakan, samaroekna lain salakina. Laladjona teu lila, da era.

Tengah peuting pamadjikanana balik sarta nawaran sampingna, bisi hajang laladjo. Tembalna, ah kami moal, koemaha djikan rame wajang teh?

Atoeh poegoeh bae, tembal pamadjikanana, malah rame deui aia noe gelo miloe laladjo pada ngager-ngager teu beunang dideuleu beungeut.

Si Kabajan beuki tambah nalangsana, toeloes kana nangkarakeun doedoekoej sisi djalan gede teh.

K.

## Somah moerba.

Redactie „Sipatahoenan" nampi hidji serat kabar orgaan Pagoejoeban „Pasoendan" noe diwastaan „Somah Moerba" dikaloearkeun koe Hoofdbestuur „Pasoendan". Noe djadi verantwoordelijk Redacteur nja eta djoeragan B. Soeraatmadja di Bandoeng.

Orgaan teh keur Pagoejoeban mah hidji pakarang noe katjida perloena, hidji pagoejoeban pergerakan noe teu boga orgaan biasana katjida soesah madjoena, noe mawi teu kinten moepakatna H. B. Pasoendan babakoena djoeragan Voorzitter geus ngadjalankeun satekah polah doegi ka Pasoendan ajeuna gadoeh tarompet officieel Orgaan sorangan pikeun sagala roepi kaperloean Pagoejoeban. Nja kitoe deui Sipatahoenan asa boga doeloer kolot, asa boga anoe ngaping ngadjaring dina rek palidna.

Sanaos Redactie „Somah Moerba" henteu njarioskeun naon margina noe mawi orgaan Pagoejoeban Pasoendan diwastaan Somah Moerba, di dieu djisim koering bade njarioskeun pikiran djisim koering manawi sapoek sareng noe sanes naon margina noe mawi tarompetna „Pasoendan" diwastaan Somah Moerba. Somah Moerba hidji ketjap noe boga harti anjar nja eta oepama dina basa Walanda mah piketjapeunana teh „democratie" atanapi langkoeng sae volkssouvereiniteit" nja eta somah noe boga kawasa, lantaran somah noe pang reana, malah geuning dina basa Latijn mah aja babasan: „Vize populi, vose Dei" Soendana, „sorana somah saroea bae djeung sorana Goesti Allah". T. bangsa Roem mah reboean taho ka toekang oge geus boga perasa somah moerba teh.

Di bangsa oerang rea keneh djelema noe njangka jen sagala roepa teh kagoengan sang ratoe, nagara noe radja, sagala roepa oepama dipoendoet koe noe djadi ratoe teu beunang moengpang, kadjeun teuing sakoemaha dipikameumeutna oge, koedoe bae disanggakeun. Ieu perasaan somah kieu teh di oerang Eropa oge baheula mah aja, oepamana di Inggris djeung di Prantjis noe dina djaman ajeuna kakawasaan, somah sakitoe gedena, Hidji djelema widjaksana (wijsgeer) Locke noe mimitina di Inggris ngabantah jen lain radja noe koedoe moerba wisesa, tapi djelema rea, lantaran djelema teh rea hak-hakna paparin noe Kawasa. Nja ti dinja noe djadi somah boga pikiran sorangan djeung rarasaan jen manehna lain pakarang tapi manoesa noe boga pantjadria.

Di Prantjis noe nerkabkeun ieu perasaan teh nja eta Montesquien djeung Voltaire. Montesquien djeung Voltaire teh nekadkeunana perasaan kamanoesaan ka somah dina abad ka 18 ari Locke mah dina abad ka 17 oge geus ngamimitian di Inggris. Di oerang nja pikiranana somah 25 tahoen ka toekang saroea pisan djeung pikiranana somah di Prantjis dina tahoen 1650.

Baheula di oerang noe djadi menak teh anggapanana, ieu aing noe boga kawasa, tapi ajeuna mah geus rea menak noe boga pikiran jen ajana menak teh keur somah, lain somah keur menak. Nja ari hidji-djidjieun mah noe ngeukeuhan keneh kana kabaheulaan soegan engke oge laoen laoen leungit.

Saha noe diseboet somah teh, na eta noe nanggoeng, noe koeli, noe koedoe majar padjeg konde? Ari tjek djisim koering mah somah teh oepama dina basa basa Walanda saroea djeung ketjap, „Volk" nja eta pangeusi nagara sabalikna djeung Regeering (Pamarentah). Djadi anoe boga pangkat atawa bangsa partikoelir noe tjoekoep oge. malah noe djadi menak oge oepama ngarasa djadi hidji bagian ti „Volk" mah kaasoep keneh kana somah.

Ajeuna pagoejoeban „Pasoendan" beuki tembong natrat tetela hajang djadi pagoejoeban somah noe saenjaenjana. Djadi ka hareup kahade oelah salah sangka deui „Pasoendan" teh lain pagoejoeban menak-menak atawa pagoejoeban goeroe goeroe woengkoel tapi pagoejoeban oerang Soenda sarerea boh somah noe boga pagawean Goeperemen boh somah noe dagang atawa tani atawa noe koeli nja eta sakoer noe sapoek djeung toedjoeanana Pasoendan noe kaseboet dina statuten djeung Huishoudelijk Reglement.

Saha-saha noe teu atjan oeninga kana maksoed Pasoendan sareng naon noe bade didjalankeun koe „Pasoendan" sae taroskeun bae ka noe djadi Bestuurna ka Hoofdbestuur atanapi ka Bestuur-bestuur Tjabang di sakoer tempat noe aja Tjabang „Pasoendan".

Asa katjida ninguangna seueur keneh tempat-tempat noe arageung di Provincie Pasoendan teu atjan aja tjabang „Pasoendan" sapertos di Garoet, di Soekaboemi, di Rangkastoeng, di Poerwakarta, di Koeningan sareng sadjabi ti eta. Moegi moegi bae „Somah Moerba" tiasa ngahoedang hoedangkeun para saderek di tempat noe teu aja pisan kadaekna kana miloe pergerakan somah (volksbeweging.

A. s.

## Pangadjaran oerang Priboemi.

Noe ditjaritakeun dina conferentie Inspektoer-inspektoer sakola Priboemi babakoena nja eta ngaloesan djeung ngareaan sakola pikeun oerang Pri boemi, nja - eta ngareaanana hajang gantjang.

Noeroetkeun pikiran noe rea ajeuna teh geus tjoekoep reana. Volkscholen oepama dibandingkeun djeung reana noe hajang sakola.

Toeloej ditjaritakeun koemaha ngakalanana sangkan beuki rea djelema noe hajang njakolakeun anakna. Noeroetkeun pikiran Inspektoer-inspektoer tjatjampoeranana (contact) sakola djeung kolot-kolot baroedak geus aloes (aloes koemaha? Corr.) Tatapi ieu perkara katjida koedoe leuwih euja enja didjalankeunana soepaja kolot-kolot baroedak leuwih karesepna ka-..a sakola.

Toeloej ditjaritakeun ngabagi - bagi ressort inspektie lantaran ajeuna aja robahan Papareutahan nja eta di poe-..o Djawa bakal aja tiloe Provincie.

Ajeuna Poelo Djawa ditagi djadi lima ressort inspektie. tapi ka hareup reana ressort saafdeeling inspektie sabisa-bisa koedoe saroea gedena djeung provincie koe sabab eta reana adjoen inspektoer bakal ditambah. (Koemaha na teu langkoeng sae oepama seueurna schoolopziener bae diwoewoehan nja eta koe schoolopziener noe woengkoel mariksa sakola klas II? Red.)

Koemisi handleiding tatjan tangtoe bakal diajakeun deui, tatapi rek dibenoem hidji adpisoer handleiding. Pagaweanana ieu adviseur nja eta njieun djeung ngahadean handleiding handleiding, Noe mantak teu diajakeun koemisi handleiding deui, sabab hese, (hese? Red.) neangan pielideunana noe tjakep.

Ajeuna noe djadi advisoer handleiding teh Toean Boswinckel wd. Direktoer sakola pigoeroeeun basa di Batawi. Ajeuna handleiding noe keur didjieun nja eta handleiding ngadjarkeun kasehatan. Noe migawena adpisoer djeung toekang ngoeroes kasehatan somah:

Ajeuna aja sababaraha perkara noe keur dioedji koe onderwijsraad dibantoe koe pirang-pirang ahli praktijk pikeun njanggakeun poerstelan-poerstelan ka Pamareutah.

Dina begrooting ka hareup soegan aja ongkos pikeun ngadjalankeun poerstelan-poerstelan tea.

Kitoe pondokna kabar dina Ind. Courant. Handjakal di dieu henteu ditjaritakeun pandjang naon deui noe ditjaritakeun dina Conferentie tea.

Soegan bae engke ti Onderwijs raad aja poerstelan soepaja di sakaoeh sakola klas II keur awewe lalaki diadjarkeun basa Walanda saeutik-eutikkeun (elementair onderwijs in het Nederlandsch) oelah saperti ajeuna ngan di sakola klas II keur awewe woengkoel. Gawena aja, asal bae ditoengtoet oenggal tahoen di sakitoe sakola bakal diadjarkeun basa Walanda.

. Djeung deui tjing koemaha oepama diajakeun sing rea sakola pikeun toeloejna ti sakola klas II djeung ti .Volkschool, nja eta sakola-sakola ambacht noe praktisch djeung noe gampang pikeun njiar kahiroepan, oepamana djadi toekang beusi, djadi soepir, djadi monteur motor djeung naon bae noe perloe.

Lah tjing sing rada enggal ngadjalankeunana sagala poerstelan teh.

G.

## Ngahoesoeskeun.

Ka saha bae teu diwidji-widji. samemehna djeung saenggeusna, tjatjap nja kanoehoenan ka noe kersa maparin kateranggan.

Dina kareta api, biasa aja papan aksara wittekaarten, lebah dinja baoskoena keur tempat oerang sabrang, hadji kaitoeng ka dinja, djadi tjek ingetan, oerang priboemi lian ti hadji nadjan toempak teu meuli kaartjis bodas oge, asana hakna tjampoer di dinja, asal make pakean anoe pantes (eenvoudig) bae. Tapi rada kabissaau ninggang Conducteur noe rada bengis, roepana teh teu meunang, lamoen oerang teu make kaartjis bodas.

Tah noe saroepa kitoe, oerang teh meunang estoe-estoena make kaartjis hedjo teh toempak ditempat kaartjis bodas. atawa henteu? pada-pada di kelas III.

Aja deui. Boedak make kaenoüan ngan bae teu disapatoe; hidji Conducteur ngageunggeureuhkeun, jen eta boedak koedoe make pakean inlander pokna."

Tjek koering, da poegoeh eta teh anak, waktoe koering ti Bandoeng tanggal 30 Juni roepana Conducteur hajangeun ngadenda: Jaktos, nanging henteu make sapatoe njaeta pikeun nandakeun inlander, da koering oge ieu make stelan tapi dibendo".

Pokna deui: „Koemaha koelan?"

Tjek koering: „Eta boedak teu make sapatoe, djadi sanes Europeanen, nanging tetep inlander". Sanggeus badami djeung batoerna, bet teu kitoe kieu. Doeka lieureun boa eta Conducteur teh, doeka koemaha, padahal eta Conducteur parantos kolot. Eta teh meunang ngatoer. lamoen disapatoe, tangtoe atawa bisi didenda. Pendekna:

1e. Dina kareta make kaartjis hedjo, kenging dioekna oerang dina tempat kaartjis bodas?

2e. Eta Condecteur teh terangeun kana angger-angger atoeran noe taroempak kareta?

Djaba eta, aja hiliwir bawaning angin, kolepat bawaning kilat, koering mendakan tjarios. Ketjap: Agama, atawa Igama = Oegama. Ieu teh basa naon djeung naon hartina?

A = hidji, gama = toenggal (koempoel) teu papisah, njatana roroning toenggal, koempoelna kawoela Goesti.

Tjek sawareh: Agama teh = Ageman, atawa: Tata = pernata = atoeran.

Ari Agama, koe taksiran basa Sanggrit?

Ketjap: Islam, aja doea roepa:

1e. Islam lahir, hartosna, koem sakoer anoet kana Agama Islam, aja dina kaislaman.

2e. Islam = Islamning Islam, anoe tabah, ahli, toetoeg, toetas toer benerna saliring lampah metakeun kaislamanana. Ari manoesa ketjap Islam = salamet.

Sahadat, katoenggalan tina ngaran noe doea, keris mandjing tjoeriga, tjoeriga mandjing keris, sasaran badan sorangan, dadaran djrg. Hardjo oge.

Salat, lahirna salat anoe 5 waktoe, batinna ngahidjikeun karep anoe kasaboet oetama, nganggap kana saoejoenan anoe bener, koemaha bae anoe kaseboet bener.

Djakat djeung pitrah, ieu saliring hal, ngoedag djalan kerna Allah, nadakah, derma, mere maweh kana naon anoe perloe dihadiahan bangsa ning ka fakir miskin, ka noa katjilakaan djeung sabangsana, koe roepa doeit atawa naon bae, koe tanaga, koe roepa barang djeung sapapadana.

Poeasa. Diadjar nahan napsoe, ngoedag kasabaran, tengtrem hate ngadjaoehan sipating kagorengan. ngambah wot sirottol-moestakim tea.

Moenggah hadji, njampoernakeun diri, njieun tetep dina kaislaman, namatkeun jen rek djoenoeu enggoning dina kaislaman. rek neangan kamanoesaanana noe enja, soegan kapanggih noe kaseboet Islam sadjati, djarah na perloe ka makam Kdj. Nabi Moehammad, nja neangan ka Moehammadan, da aja oge bangsana di oerang geuning urang langka diakoena, tjatjatjakan sahadatna tara tinggal, angkeuhan djaoeh deuleu. da ka deuleu oge teu nembongan, njoempoet boeni di noe tjaang, tjaang soteh koe waspada tingal, tingal noe sadjating rasa tea. Dipahing barendoena.

Ta'dimna

W. S.

## Pepeling ti Aki.

Aki mah boga rasa heran 1926 × heran. Dihadja - hadja disoeratan, djaoeh didjoegdjoeg, anggang diteang, ari djol datang ka imah Aki teu lila, mani ngan sakotjepat pisan.

Satadina mah rek djangdji pasini pasang soebaja, ngatoer saoer kapoengkoer noe geus dibadamikeun koe Aki djeung Si Indji tea. Reh Aki ngarasa geus kolot, baris titip diri sangsang badan ka si Indji.

Tjing atoeh ajeuna mah da geus gede, geus sampe oemoer, koedoe poegoeh noe dimaksoed, kantenan noe rek disorang, Geuning saoer djr. M. G. K. oge, soesoel hiroep. doemoek geusan matoeh. Oelah koelajaan, teu karoehan, oelah ngaladjoer napsoe ngoembar amarah matak tjilaka. Tekad ati noe dikandoeng koedoe eling beurang peuting, iman oelah koemalajang, roh madep sing suetji wening, pengkoeh pageuh oelah ngambang, moen ngambang tangtoe ti goeling, karana moen noeroet napsoe, diri anoe bakal roegi, badan bakal kasasar, hese rek balikna deui, kana djalan noe oetama, geus tjatjad sok djadi roegi.

Djalma ngora bakal kolot, djalma hiroep bakal maot. Geus meudjeuhna ngoengang-ngoengang lampah meung peung ngora, ngoekoer tangtoeng meungpeung hiroep, djleg geura tjitjing di boeana Pantjatengah.

Ieu pepeling koedoe dipikir masing kaharti, disasar masing karasa, sahasaha noe dahar tjabe tangtoe ngarasa ladana.

Aki paaloempit.

## Lalab roembah oleh-oleh ti Lampoeng.

Aja djalan komo meuntas: keur mah oenggal poë gawe teh ngan lalamoenan, ari ieu aja noe ngabibita pisan, atoeh beuki rongkah bae ngalamoen teh.

Ti boeboedak resep njaba—oelin meureun di dieu mah piketjapeunana teh. Ari njaba mah koedoe djaoeh, lantaran ti bareto nepi ka ajeuna oge ari djaoehna mah ngan katepi koe lalamoenan woengkoei, henteu bisa ngalampahkeun tina teu aja piongkoseunana. Nja eta atoeh ari noe teu boga, ngan saoekoer nepi kana ngalamoen dimana aja kahajang teh, teu bisa ngaboektikeun saperti deungeundeungeun noe aja pakeunna.

Ti baheula sim koering teh sok ngalamoen hajang beunghar, nja eta hajang bisa ngadjadjah doenja, loengak longok ka oenggal tempat, ngaboektikeun kaajaanana, adat istiadatna machloek noe Kawasa, noe koemelip di alam doenja. Tapi djadjaoeheun teuing kana bisa ngalaksanakeun kahajang eta teh, tina kieu sareatna. lieuk euweuh ragap taja. Ari ngoeping kaajaan nagara deungeun deungeun teh, ngan bati . . . . emh bae, lamoen seug aing . . . . . Tah geuning moeng doegi ka dinja, teu tiasa ka Batawi-Batawi atjan —„moen" deui, „moen" deui bae noe disaba teh. Geuning kieu rasana ari noe malarat, nepi ka geus tjetoek hoeis tatjan terang di Tandjoeng Parioek-Parioek atjan, padahal ari lalamoenan noe sakitoe aoedoebilahna.

Ari saenja-enjana mah kieu: Poegoeh sim koering teh nampi serat ti noe keur ngoembara di Lampoeng, sobat ti boeboedak, batoer ngarandjah kebon deungeun, djeung batoer ngalamoen deui.

Ari eusina serat teh njarioskeun lalampahanana, sadatang - datang ka pangoembaraan tea.

Daek salamet lamoen seug boga doeit, meureun indit ajeuna oge ka Lampoeng.

Geura mangga darangoekeun, kieu oengelna serat teh.

Kang raka di Soeka-Djaja

Sinarengan serat ieu rai ngoendjoekkeun dikawiloedjengan. Sawangsoelna koemaha kang raka sugarwapoetra daramang?

Rai teh emoet bae kana djangdji: bade njeratan tea ka kang raka, di mana parantos dongkap ka noe didjoegdjoeg.

Dinten Djoemaah, satengah satoe, kapal mios ti palaboean Merak—Ja Allah, koe loetjoe geuning Merak teh, tebih ti sangkaan; soegan teh teu kitoe. Geura engke dimana parantos salse, koe rai ditjarioskeun kaajaanana, sakalian bade ngadongengkeun lalampahan rai ti Merak doegi ka Pandjang, ajeuna mah oerang boedjeng perloena bae.

Gantjanging tjarios: satengah genep rai dongkap ka Pandjang, nja eta palaboean Teloek - Betoeng, noe tebihna ti kota kirang langkoeng 9 K. M. Dina ngadangoe ketjap palaboean tangtos pisan kang raka njipta karameanana, dimana aja kapal ba laboeh: gedong-gedong pating djaloengkiring, doet-dot mobil balawiri tingtjaleter sora petjoet, koplak—nongnang, sora delman. Tah sangkaan kitoe teh noe soelaja pisan tina boektina ari pikeun di dieu mah—Kantenan ari rame tea mah, namoeng rame eta tea bae, ma'loem di tanah Lampoeng. Ti katebihan keneh parantos kakoeping sora boeboeronan, gede leutik: tingdjarerit, tingkoreak roepi-roepi sora anoe koe oerang kadangoe. Anoe pangtetela - tetelana sora tjamang. Ngawitan sahidji disada—mandahna roepina mah, ti dinja ger ditembal koe batoerna noe ratoesan tinggoentajang dina kakajon. Nepi ka moeriding boeloe poendoek rai mah, ngan saena bae seueur batoer. Koemaha teu rek sieun atoeh palaboean sisi leuweung, tempat maoeng djeung biroeang, djaoeh ka kampoeng ka lemboer. Di palaboean teh oepami teu lepat, kadjabi ti gedong douane sareng Station, aja waroeng 3 siki, sareng kabeh wetanna, kitoe oge tebih. aja panginten 4 atanapi 5 rorompok mah. Tah moeng sakitoe kaajaanana palaboean Pandjang teh.

Handjakal pisan hiroep teu tjoekoep panemoe, toena loeang pangabisa, Lamoen seug rai boedjangga, moal salah kang raka ngiring nalangsa. miloe ngoengoen sedih pikir, lantaran noe barang tangtoe, koe rai direka tembang, dirakit didumel dangding, kasedih miwah kakingkin, katoegenah, kawaas noe soemarambah asoep kana soengsoem baloeng, ngoeping sora sasatoan, matak risi, matak ketir.

Dangding gending anoe keur prihatin,
Ngangres ngenes ngaraos nalangsa,
Lesoe awak hate loenge,
Bawi raos pahatoe,
Sanadjanna takdir Jang Widi,
Nepi kana toetoelisan,
Kalam ti Loh Mahfoed,
Tansah mikir kasesahan,
Doemeh tebih sareng noe sami masih,
Loenta ti Poelo Djawa.

Aeh aeh naha make ngahariring. Mangga oerang neraskeun deui lalakon.

Koemargi sieun katinggaleun koe kareta api, djadi teu tiasa lami di palaboean, teras bae ngaboedjeng ka setatsion. Taboeh 7 kareta mios. Amboeing koe loetjoe ari kareta di Lampoeng; tjalana nepi ka tarotos, hoedjan seuneu bae maloeloe. Atoeh broeg breg naroetoepkeun djandela, da pada sieun kaeunteupan koenang koenang. Saena henteu lami, taboeh 8 parantos dongkap ka Teloek Betoeng, dajeuhna karesidenan Lampoeng.

Djoet tina kareta, tjlak kana kahar. „Soemoer Batoe" sanggem rai ka koesir; Njieun tata noe wani tea bae, padahal hate mah . . . adoeh . . . . Panginten kang raka oge ngadangoe kagalakanana oerang Lampoeng, saketjap ka doea belati.

Barang dongkap kana tandjakan, seug poëk mongkleng, oedjoeg oedjoeg ngong bae aja noe ngomong „Haga medipa". Moen tjeuk oerang mah meureun: „rek kamana?" Ditembalan koe koesir, teras ngaromong, aja panginten 2 menit mah. Anoe teu ngartos tea basana teh. Tjeuk emoetan: nja ajeuna aing dibegal teh. Tina koe bakating sieun toengtoengna nekad. Koesir disentak. Sanggem rai:

„Djangan banjak omong kamoe. Tida tahoe ini soedah malam?!" Peso balati mah teu lesot, da poegoeh oge sieun. Ari dongkap ka pangandirekan, beuki reuwas bae, lantaran ngoeping wartos, ti beurangna taboeh satengah genep di palebah dinja pisan aja noe dibegal, Tjina wangsoel dagang.

Endjing taboeh 8 rai mios ka Manggala, noe katelah Parijsna Lampoeng, sapertos Bandoeng di oerang lalakon 130 K. M. ti Teloek Betoeng, nja eta bade ngaboedjeng ka djrg. mantri garem, sobatna poen paman tea. noe bade diandjrekan samemeh rai kenging rorompok. Mios taboeh 8 ti dajeuh, mendak mendak deui kota kirang langkoeng taboeh 11, nja eta Goenoeng Soegih lalakon her sabaraha poeloeh K. M. mah. Saparat pararat djalan teu aja deui noe katingal kadjabi ti leuweung geledegan: monjet-monjet tinggoentajang njegrokan, ngarenjohan; babi tinggaloekgoek tingsoeroedoek kagebah koe sorana Vracht auto. Di kampoengkampoeng noe kalangkoeng tingberebet djelema moeroe ka djalan, narendjokeun mobil datang. Imah imahna sadajana oge panggoeng, tihang sagede-gede beuteung, dikolongna kandang domba kandang moending. satona patinggoelandang.

Tina djandela ronghok parawan narolol, gadis di ditoe mah disebatna teh, bari ngagaroepajan koe sapoetangan.

Hookeun sadjongdjongan mah; di tengah leuweung loba noe rada teu woedoe.

Aja samboenganana.

No. 1392/19 R. R.

Tasikmalaja, 4 Augustus 1926.

**Dengen hormat.**

Kasih bertaoe pada hari Senin tg. 16 Augustus 1926 moelai poekoel 9 pagi, tempatnja dipondopo Kaboepaten Tasikmalaja, aken diadakan openbare vergadering raad Kaboepaten Tasikmalaja.

Hareplah toean soeka dateng menghadiri itoe vergadering.

Boepati Tasikmalaja.
W. G. (Wiratanoeningrat).

A G E N D A.

Punt 1. Goedkeuring notulen vergadering tt. 20 Mei 1926.

Punt 2. Memilih lid-lid dan wakil lid-lid College van Gecommitteerden (soerat tt. 23 Juni 1926 No. 1226/`5 R. R.).

Punt 3. Memberi subsidie pada Commissie adatrecht di Leiden (Negri Blanda) (soerat tt, 14 Juli 1926 No. 1254)24 R.R.)

Punt 4. Goedkeuring robahan „Reisreglement bagai lid - lid Raad Kaboepaten Tasikmalaja" (soerat tg. 28 Juli 1926 No. 1348/21 R. R.)

Punt 5. Menetopken pengatoeran membagiken controle kosten atas loemboeng loem; boeng dan bank bank desa dikaboepaten Tasikmalaja (soerat tg. 3 Augustus 1926 No. 1372/26 R.R.).

Punt 6. Memberi subsidie kepada Comite goena menoeloeng ketjilakaan di Sumatra sebanjak padjeg rame rame jang misti dibajarken ke Regentschaps Kas, lantaran mengadaken rame rame pake entre.

Punt 7. Arresteering besluit dari peratoeran desa hal katetepan banjaknja, angkatan lepasan dan pengusilan anggota pemerintah desa, salainnja dari kepala desa dalem kaboepaten Tasik; malaja (katerangan aken dikirim diblakang).

Punt 8. Lain lain jang aken dibitjaraken dan rondvraag.

## Comite Penoeloeng ketjilakaan gempa boemi di Soematra barat Bandoeng.

Kekengingan Comite di Bandoeng.

Doegi ka dinten Minggoe ping 8 Augustus 1926 Comite Penoeloeng ketjilakaan gempa boemi di Soematra barat, parantos nampi ti:

| | | |
|---|---|---|
| D.v.O Kabinet | | f 45.— |
| „ | 1e Afdeeling | „ 99.50 |
| „ | 2e „ | „ 19.50 |
| „ | 3e „ | „ 89,25 |
| „ | 4e „ | „ 26,50 |
| „ | 5e „ | „151.47 |
| „ | 6e „ | „ 12.— |
| „ | 7e „ | „ 53.50 |
| „ | 8e „ | „ 18.— |
| „ | 10e „ | „ 4,50 |
| Djoeragan | Roesbandi lijst no 39 | „ 5,— |
| „ | A, Widaprawira lijst No. 1 2 3 14 | „ 70.40 |
| „ | H: A, Tular lijst No. 14. | „ 27.— |
| „ | Semawi lijst No. 6 t/m 11 72 73 | „ 76.— |
| „ | D.Th. Tentna lijst No 79 | „ 23,50 |
| „ | Bakrie lijst No. 95 | „ 2.50 |
| „ | Sjoekoer lijst No. 34 | „ 27.— |
| „ | Roeschan lijst No. 35 47 | „ 3,46 |
| Dept van G.B. (Mijnbuw lijs No. 46 48 | | „134.50 |
| Ladang ngadjoeal briefkaarten koe djrg. Sjoekoer | | „ 21,— |
| idem Anwar | | „ 27.10 |

Tina ngawitan didamel ieu Comite parantos nampi artos reana f 2023,61 anoe parantos dikintoenkeun ka Soematra reana f 500, dina ping 9 Augustus 1926 dikintoenkeun deui f 1000—, koe djalan Java Bank Bandoeng.

Comite noe kasebat diloehoer.
2e Sekretaris
(W.G.) Bakrie Soeraatmadja.

## Wartos ti Adm. Sip.

Ka sadaja langganan anoe parantos ngintoen postwissel moegi recuna bae dianggap kwitantie, simpen disae sae. Margi teu kinten njeueurkeun padamelan oepami sadaja dilebetkeun kana Sip. sareng bilih njeepkeun tempat, soemawonten diwaler koe serat mah. Eta tjenah resi mah sok itjal atoeh njimpenna bae kedah di

djaman Kdj. dalem Aria bae, tapi ti djaman Kdj. Dalem A. Wiradiningrat oge, geus ditimbang - timbang koe Negri, malah geus 2-3 × dipariosna, sarta diilari tempat baris soengapanana, di mana noe katimbang rada gampil pikeun djalan solokan djeung sanes-sanes. Nalika noe djadi Wadana di Bjr.: Rd. Pradjadidjaja dina taoen 1889, geus diwaterpas, ti leresan lampingan: Waroenggoler, Pasirnangka, desa Beber (Ond. Tjimaraga) tebihna ka Bjr. ± 15 paal. Kabehdieuna, waktos Kdj. Dalem Aria, nimbalan diwaterpas deui koe Djoer. Rg. Mintaredja, nalika djadi Wadana di Bjr.

Deui, di Djoer. Dipo Pansioen Hoofd Kadaster, noe ajeuna tjalikna di Bjr. Oge gambarna geus kasembalikeun ka Kdj. Dalem Aria.

Ieu perkawis, tjariosna, kapoengkoer mah noe mawi teu dipadjengkeun, lantaran ditimbang - timbang koe nagri, rea pisan halanganana (Abot teuing).

Doepi ajeuna oepami kajaktosan tiasa ngahandjatkeun Tjitandoej ti leresan Sogati tea, atoeh oentoeng katjida (kawenehan gede), margi ti dinja mah, moeng ± 3 paal tebihna ka Bjr. Namoeng koe timbangan simkoering mah, ti Sogati oge, teu kaemoet bae kana pihasileun teh, (palangsiang njoedoek), kadjabi oepami ditambak loehoerna 7-8 ello mah, tapi kapan Tjitandoej teh sakitoe poharana.

Koe margi kitoena, sadaja kadang wargi sobat-sobat di Bjr., sapandjang moesim halodo mah, noe sok saat soemoerna, nja wajahna bae nampian ka Tjitandoej oge atawa mareuli tjai satanggoengan 5 - 7 cent, etang-etang noeloeng bae ka toekang koeli (ka noe miskin), tapi oerang teh oelah waka weleh - weleh ngantos - ngantos kana ngotjorna Tjitandoej ka djero kota Bjr., da ajeuna mah teu kirang parabot, noe ti pajoen moal kirang akal - tarekah, ngan bae moal beunang diboeroe-boeroe karana perkawis moeka irrigatie teh, teu gampang - gampang, lain tjara njieun djalan kareta, naek toeroen saeutik - eutikeun mah, mokahe.

Bade disamboeng
**Langganan No. 347.**

## Pasar Radjapolah.

Sakoer noe angkat ti koelon toenggang kareta api ka Tasik sareng sawetaneunana atawa sabalikna, meureun tangtoe ngaliwat Radjapolah; eta tempat beunang diseboetkeun sa Priangan mah panghadena bae pikeun katjamatan mah, raresik, agreng, imah imahna harade, angot masigitna, dibandingkeun djeung masdjid district kitoe-kitoe bae mah wani noempangan.

Djaba ti eta pasarna deui, nja gede nja rame meureun saban noe toenggang kareta api ngaliwatan eta tempat tangtoe taringali. Eta pasar, pasar desa Radjapolah kidoel, tapi njieunna teu woengkoel somahan desa eta bae, desa-desa noe dareukeut di katjamatan eta oge mariloe noeloengnoeloeng koe tanaga, nja eta mariloe ngarala kaina ka goenoeng djeung lianna ti eta.

Ari ajeuna geus reugreug pageuh, malah moen teu salah, modal noe beunang ngindjeum ti Bank afdeeling teh geus meh loenas, ngoeroesna asa teu njoempoenan kana ngaranna, nja da „pasar desa" tea. Ari koedoena mah kapan koedoe koe desa eta dioeroesna, njakitoe deui ladangna nja desa eta keneh noe boga milik.

Ari ajeuna, somah loba noe gegelendeng, padjarkeun njieun pasar teh, noe bakoe mah ngalintoehan mandor pasar bae djeung sabarajana, da ka somahan mah teu aja, aja oge lantera di kota teu sapira nja aranggang, nja ngaretet, hidji lantera moal - beak saseneun dina sapeuting, kitoe deui ari tjaang boelan mah tara diseungeut.

Ari eta pasar dioeroesna ngaranna mah koe desa, tapi ari saenjana mah koe mandor, wargina loerah dinja oeroet magang katjamatan.

Eta mandor ngoeroesna estoe sadaek-daek, lantaran meureun teu aja controle noe taliti toer keras, boektina, bareto waktoe doeit pasapon saboelan sakali disetorkeunana ka bank, koe manehna sok direntenkeun ka noe daragang di dinja kalawan renten noe antep-antepan nja eta ti f 1,— moelang f 1,10 dina saminggoe, mangka eta pasar dina saboelan beubeunganana sok ratoesan.

Ari patjalangna, nja eta toekang-toekang kartjisna kabeh ahliwarisna, noe asal lain oerang dinja nja eta oerang kampoeng Tjitiga, malah tjeuk salah sahidji toea kampoeng mah, „eta mah lain pasar desa Radjapolah kidoel, tapi pasar Tjitiga", lantaran noe hodjihna meureun woengkoel asal oerang kampoeng eta, da somahanana mah bedjana estoe teu mais teu meuleum, sakalieun menta djongko oge kabehdieukeun mah moen teu aja keketjrekna ka mandor, loepoet, angot ari djalma sedjen desa mah, nadjan aja noe kosong oge, hese beleke.

Ari ngartjisanana gemet pisan, sakalieun noe mawa hajam hidji oge dikartjis, padahal tjan poegoeh lakoe, djeung moen kabeneran aja rarameun di deukeut pasar, noe daragang ti peuting sok dipentaan doeit koe mandor, padahal nja djaoeh nja lain di pasar tapi di djalan eta mah.

Demi waktoena moeka pasar teu aja waktoena saban poë bae djeung mimitina biasana poekoel 3 peuting malah moen rek hadjat rewah moeloed mah ti kamarina.

Koelantaran masarna teu djeung atoeran tea, tangtoe bae ngadjadikeun roegi ka pasar - pasar sedjen; saperti pasar Dawagoeng djeung Tjioodas sanggeusna aja pasar eta atawa sanggeusna ditjekel koe mandor eta teh laleungit, lantaran noe malasar djeung noe balandja ka Radjapolah bae, malah pasar Tjihondje noe baheulana rame oge djeung Tjihaoer ajeuna ngan oekoer bae aja djalma noe mareuli sambeleun.

Anoe geus kapanggih koe koering, pasar-pasar desa teh, netepan sakoemaha noe diseboetkeun dina boekoe badamian desa (letter F), moekana teh saperti pasar desa Bandjarsari, da dina letter F, poë Salasa djeung Djoemaäh kadjeun poë sedjen djalma ngagimboeng noe rek dagang djeung balandja, koe toea kampoengna, diboeboerak bae, da pokna ngadjangan pasar desa sedjen, ongkoh tjenah perdjangdjianana ngan rek 2 poë moeka pasarna dina saminggoe.

Katjida aloesna, eta mah atoeran teh, djabi ti eta make dikontrol deui koe wakil somah, doeka ngaranna mah poho deui, saha mah, ngan ka asoep djalma pertjeka djeung tjoekoep di B. sari mah.

Sanggeus ngadeg p. Radjapolah tea, lain bae pasar pasar noe deukeut kadinja noe djatoh teh, oge waroeng-waroeng pamondokan taroempes, lantaran eta pasar sok diparake mondok koe noe rek dagang ti djaoehna; djeung tempatna awewe djahat noe djaoeh noe deukeut, diseboetna „remboes" koe oerang dinja mah.

Bedjana „remboesna" ajeuna mah sok diboeboerak, tapi noe marondok mah angger bae. Benerna mah, da ngaranna pasar desa, sagalana koedoe rempoeg ragem djeung noe boga djieun, nja kitoe deui noe ngoeroesna koedoe dipilih koe somah sarta dikontrol deui koe somah, oelah didekoel koe mas mandor bae, oerang desa eta oge hajang ngarasa amisna.

Heran djahna kitoe teu aja noe ngageuing, padahal manehna waktoe meulian pare taoen 1920 oge geus teu saenjana, tapi teu katara da bisa ngamaenkeun pikoelan djeung deui koh di Radjapolah teh loba noe kaasoep kana bangsa djempolan, sakitoe barisa pisan ari ngewangkong sarikat Rajat mah, meureun eta teu ari koe ngoeroes renten djeung sawah gadean.

Moega-moega bae ieu 'toelisan kabatja koe leden Regentschapsraad Tasik, babakoena noe ti District Tjiawi, soepaja gantjang eta pasar dibeuli koe Regentschapsraad dibikeun teu dibikeun ambeh ladangna digoenakeun oemoem djeung poegoeh, da pasar Radjapolah teh, beunang diseboetkeun adina pasar Tjiamis, angot dina waktoe lakoe dedoekoej mah.

Tah sakitoe pamanggihna
**Tjengkau.**

## Koemaha?

Dina serat chabar Al imtisal No. 11 katja 6, samboengan pepeling, aja noe kaoengel kieu Lijoebajjina lahoem fajoediloel lahoe man jasjaoe wajahdi man jasjaoe wahoewal Adjidjoel hakimoe" Soendana: „soepaja paham ngarti kabeh noe didatangkeun (diparentahkeun ditjaritakeun) ka maraneh, tapi sanadjan kitoe, moenggoeh Allah taala iasaeun katjida njasarkeun ka manoesa, djeung maparin pitoedoeh ka noe dikersakeun koe andjeunna, karana Allah Taala teh (noe) loehoeng toer sakabeh padamelanana anoe sampoerna, taja tjawadeunana". I. Di dieu koering katjida pisan bingoengna, wireh aja toelisan noe etjes nerangkeun, jen Allah taala iasaeun katjida njasarkeun ka manoesa. Ieu basa pateunggar sareng II „Man asabaka min hasanatin paminalloh man asabaka min sajjiatin paminan napsika".

Soendana „lakoe hade eta ti Allah taala, ari lakoe goreng ti napsoena sorangan.

(Napsika = napsi eta badan ari ka = sira = badan sira).

**Katrangan.**

Basa iasaeun teh hartina geus ngalakonan, djadi iasaeun katjida njasarkeun ka manoesa, djadi geus njasar keun ka manoesa atawa geus biasa njasarkeun ka manoesa. Ana kitoe loear ti sipat rahman rahim, oge kapan ari djalma sasar teh sok disiksa, pang Allah taala njajagikeun Naraka Sawerga, ana kitoe disasarkeun koe Allah disiksa ka naraka koe Allah naon pihartieunana. Djadi teungteuingeun, oge. Noe ka II padagor sareng basa „La'haola wala koewata illa billahi, sabab njeboet lakoe goreng tina napsoena sorangan, kapan teu daja teu oepaja anging Allah, karikari boga napsoe sorangan.'

Sanget paneda sim koering ka sakoer noe maos, nela dilereskeun, nanging poma oelah njalahkeun kapara loeloehoer, tapi banget tekad koering hajang bener, djadi tekad anoe 3 roepi hajang tjotjog sareng hajang noe leres teh koemaha?

**Hardjoproewito.**

N. B.

Dina Al imtisal aja seratan kieu „Tanbihoen"

Hatoer pakeling ka sadaja noe maos, perkawis abdina Allah taala noe maot nalika boga hantja ngapalkeun elmoe sareat. (agama) sanadjan di boemina sapertos ngahartoskeun al imtisal, djadi soemawonna noe keur masantren mah, tjeuk sjech Abdoellah sareng Sjech Badjoeri maotna Maot sahid, hartosna moal njorang naraka.

Ningal seratan noe di loehoer bieu naha henteu kenging diseboet oedjoeb? sareng asa gampil pisan hiroep teh? Padahal sadaja abdina Allah taala noe katjida dipikasieunna ngan Naraka, nanging koe hal ieu asa gampil pisan sareng asa oedjoeb pisan asal bae maos Al imtisal oepamina di mana maot moal njorang Naraka, djadi ningal seseratan di loehoer teh, oerang teu koedoe soesah-soesah ngaleungitkeun tekad noe 6 roepa saperti oedjoeb ria takaboer hikdi soemäh hosad, (S. batin) S. lahir dikkir = dik paningal, ari kir = pikir = paningal


**Toko Roekanta.**

Pajoeneun Kantor Provincie Lengkong -::- Tasikmalaja.

Sajagi roepi - roepi barang kaperloean sadidinten.

Beas Singaparna sae, sapikoel f 14— Soklat van Houten 1 blik f 0,90.

**Teh Obat** landong kasehatan badan. Seueur noe ngarot ieu obat djadi sehat.

**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah No. 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribadoe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI MAS.**

3

**TEGELFABRIEK**

**„NAJA"**

Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.

**COIFFEUR**

**B. OETIH**

**Toekang maras**

Djadjawaj Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos
19 **B. OETIH**

Tjaket Soos. K, M. Tasikmalaja

**TOKO**

**Universeel Agentschap**

# NIC MULLER

**TASIKMALAJA**

**Coenoengladoe No. 15.**

Telefoon No. 26.

PATENTMEDICYNEN (obat obatan segala roepa)

Chemicalien (bakal obat)

TJELEP (Sipoehan) segala roepa.

Soda Api, Soda Api, Soda Api.

Rookwaar (barang roko)

Snoepgoed (goela goela)

Medicinale dranken (minoeman obat).

AWAS. Di saban tempat besar di Priangan wetan kami tjari agent boeat djoeal lagi kami poenja djoealan.

Dan kami djoega tjari orang jang maoe koeliling bawa djoealan.

Oentoeng bagoes, tetapi misti ada soerat borgnja.

Boleh minta pryscourant (preskoran). dapet kirim pere.

Segala obat bisa kirim rembours.

HARAP MAMPIR boeat lihat djoealan di toko dan boeat adjar kenal.

1 Banjak hormat
**Nic. MULLER.**


Tanggal 13 November 1926 poekoel 10 isoek² di Kantoor Kaboepaten Garoet baris njewakeun hak ngala sajang manoek anoe beunang didahar noe aja di kaboepaten Garoet.

Perdjangdjianana djeung katerangan noe sedjen beunang diilikan oenggal powe salian ti Ahad djeung hari besar, ti poekoel 9 isoek-isoek nepi ka poekoel 1 beurang di eta Kantoor.

Njanggakeun inschrijvingsbiljet teu meunang liwat ti tanggal anoe kaseboet di loehoer.

BOEPATI GAROET

**Soeria Karta Legawa.**


**Awas, moesim panas parantos doengkap!**

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil kaganggoe. Djagi leres-leres kasehatan djoeragan soepados tetep seger.

Hidji koeëh tina; 14

**Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang**

(Damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Halte Tjitjoeroek)

Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten djadi landong babakoena kana nolak hawa awon dina moesim ajeuna ngadjadikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun hojong bae ngarot sareng ninggalkeun raos noe katjida ni'matna.

**Seungit, raos sareng tiis!!!**

Didjoeal dimana - mana.

Pangaos sapak f 0,25. Pesenan paling saeutik 15 pak. Anggoeun djoealeun deui paling saeutik 100 pak kenging langkoeng mirah pisan.

Atoeran nganggona dikintoen ka soegi noe moendoet.

Tipoeng Hoenkwe Pabrik Tjap Kembang.

**Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.**

Gratis.

Tjobi ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko *tiloe benggoleun* engke dikintoen sapak. *„Katoeangan noe dipikaresep koe sagala bangsa".*



**Milari langganan**

**B. BARLI**



**Toekang Kopjah**

**Pasar Baroe Bandoeng.** 17

Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loehoer ieu dina waktos ieu nembe moeka winkel kopjah, Special ngitjal Kopjah kangge itjaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njobian langganan ka djisim abdi pangaos sareng padamelan ditanggel mirah sareng sae.

Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna noeroet sakoemaha model ajeuna sapertos: Kopjah boeloedroe boeloe anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hideung s.s.t. Kopjah bloedroe hideung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.

Satoe atjanna ngiatoen serat pesenan, tjobian heula moendoet prijscourant.


**Saaloesna oge maksoed batoer, tangtoe boga niat hajang oentoeng keur manehanana!!**

teh = pikir tjindekua oerang koedoe bisa ngarengremkeun pikir, tjeuk djawa mah, ngenlogkeun pikir, tapi oerang lamoen keur ngarengremkeun pikir doegi ka teu ngaraos gadoeh diri keur tjindekoel kari-kari inget kana sibelaug kenging meser f 1000, tjan diparaban, tah nja eta P. . . . . maneh. Ieu katrangan tina Saeroesalikin djilid ka 4 Sadjadi ti ieu koering neda noe maraos Sip. pasihan katrangan koemaha Soendana Adam halipatoellah, Ibrahim Halil loellah, Moesa Kalam moellah Isa rochoellah Moechamad Rasoeloellah sareng Walijoellah. Oelah njoelajaan.

Sareng moegi oelah ditampi salah maksoed koering hojong terang, lain maksoed Moedjadalah basa Arab ngandoeng maksoed papadoean elmoe eta kirang sae. (Waman hoeal Oma paqod mata koroenboe saeton) kedah maksoed Djadal mantek, taja halangan padoe elmoe asal noedjoe kana kaadilan sareng kabeneran; tjeuk basa ajeuna mah keur oemoem.

H. Proewito.

## Audiëntie pers ka K. T. Besar.

Ping 5 October '26, 40 oetoesan soerat kabar Walanda Tionghwa sareng Priboemi parantos audientie ka K. T. Besar di Batawi. Di antawis noe 40 tea aja hidji istri nja eta Oemar Wati djadi oetoesan „Pait" ti Bandoeng. K. T. Besar katjida ngahormatna ka oetoesan-oetoesan pers Hindia tea.

Mantenna njobi-njobi ngajakeun atoeran noe sapertos kitoe, niron noe parantos didjalankeun di Amerika koe President Amerika Sarikat (U. S. A.) sareng oetoesan-oetoesan pers sareng ka pajoen, oepami ieu pertjobian sae djadina bade angger ngajakeun conferentie sareng oetoesan pers. Noe djadi oetoesan pers kenging naros tina hal perkawis naon bae, sareng koe K. T. Besar oepami kinten-kintenna perloe eta patarosan bade di waleran.

Di antawis pers Priboemi meh oenggal bangsa di Hindia aja oetoesan persna, sapertos Malajoe, Djawa, moeng pers Soenda noe teu aja. Ah roepina Soenda mah teu atjan patos baieg. „Sipatahoenan" tadina mah aja maksad bade ngintoen oetoesan, nanging ngerakeun da sakieu kaajaan nembe ogo djadi Weekblad, roepina Soenda mah teu atjan meudjeulna keur dagblad mah, da koe Weekblad oge sakapeung mah noe dikintoen proefnummer teh sok ngawangsoelkeun deui sareng teu diboeka-boeka atjan, sakitoe eta noe ngawangsoelkeun sapalih mah aja dina pangkat mantri!

Oepami perloe mah ka pajoen soegan Sip. oge bade nawaetoe ngintoen oetoesan ka K. T. Besar. Ping 5 November wartosna bade aja deui perscoferentie. Amin!

### Pik-un anoe resep kana sport.

Jack Dempey oerang Amerika, 7 taoen lilana djadi Kampioen doenja tina Boksen, kawit tina loegah ligeuh (ll.) kana djadi Milloner. Teu atjan lami di Philadelpia (Amerika) djatoh mereknа (kawon) koe Tunney oerang New York nepi ka tjeurik-tjeurik sarta nerangkeun jen teu sanggoep deui ngalawan moesoehna. Tapi teu djadi naon, da sadatangna ka imah disampakkeun boedi manis koe istrina, ngaran Astella Tayler; madjar teh kadjeun teu angger meunang titel kampioen doenja oge, asal Dempsey setia sarta tjinta bae ka koering. Ari eta istrina teh, kenging disebat pangpangna di doenja film minangka sari panggoengna moen dina Bangsawan mah.

Elehna Dempsey ngagontjangkeun doenja, teu heran mawa pirang pirang radja oeang kana karoegian. Noe nongton harita ti oenggal madhab kira-kira aja 700.000 djiwa reana. Pers-pers ti oenggal nagara pada njaramboeng-njamboengkeun telegraaf anoe nerangkeun koemaha waktoena diadoe eta doea djago nepi ka elehna. Seperti atoeran keur oorlog bae.

Sababaraha millionair anoe nawaran ka eta doea djago koedoe diadoe deui sarta premi anoe njenangkeun kana tanagana. Dempsey ngadjawab; soeka pisan diadoe djeung saha bae, asal premiena 750.000 dollar (f 1875000) sarta kontan teroes distorkeun ka Bank di New York. Ari Tenny noe ngelehkeun Dempsey ngan meunang 200.000 dollar.

### Elftal Mohan Bagan.

Taoen 1924 ka Djawa parantos dongkap kampioen maen bal ti Calcuta Mohan Bagan. Ajeuna baris ngadoean deui Kampioen-kampioen Poe'o Djawa. Diondang koe Hercules baris diadoe di Batawi Bandoeng Semarang sareng Soerabaja.

Hojong terang rintakan ajeuna naha bade oenggoel bae Mohan Bagan teh sapertos taoen kapoengkoer?

Mohan Bagan ngadjakna, oelah marake sapatoe.

## KOROPAK.

Njoehoenkeun sarantos karangan teu tiasa kalebetkeun sadaja.

Langganan No. 347. Bade dicmoetkeun S. M. Oelah kirang timbangan koemaha da tempatna ngan sakieu, sareng samemeh karangan dilebetkeun Redactie ngilari katerangan heula jaktos henteuna. Anoe moal bari di lebetkeunana pandeuri.

Tjabang „Pasoendan" Bandoeng koe maha geuning teu aja wartos-wartos?

Red.

## Lid Volksraad.

Dina wengi Rebo, ping 15 September 1926 di Harso Darsono Bogor, lid lid Gemeenteraad sareng Regentschaps raad, parantos moetoeskeun jen noe djadi candidaat lid Volksraad teh kieu:

1. R.A.A.A. Djajadiningrat Regent Batawi.
2. R. Otto Soebrata (*) lid gedeputeerden Provinciaaleuraad Betawi (Mr. Cornelis).
3. R. A. Wiranatakoesoemah Regent Bandoeng.
4. R. I. Prawiradipoetra lid Landraad Bandoeng.
5. Atik Soeardi Onderwijzer H.I.S. Indramajoe.
6. Oto Iskandar Onderwijzer H.I.S. Pakalongan.

Meh sadajana parantos narawis dina „Soerat memasoekkan Candidaat" Doepi waktos sim koering ka Tjirebon teras ka Koeningan, No, 2 teh pahili sareng no. 3, margi kahojongna oerang Koeningan mah no. 2 teh Regent Bandoeng; djadi nomer-nomer noe sanes mah teu pahili.

Djadi ti eta koe margi nalika ping 12 Moeloed teh, sakitoe ramena, seueur noe saroemping ti mana-mana, teu weleh-weleh, sim koering nepangan itoe ieu anoe katimbang piiasaeun ngadongkapkeun ieu tjarios, ka ka djoeragan-djoeragan ti sanes-sanes tempat.

Moegi-moegi bae noe sanes-sanes oge oelah doegi ka pahili.

M. Kartaatmadja.

lid Regentschapsraad Bogor.

(*) Sanes Oto Koesoemahsoebrata oelah lali, kedah ditjoret. M. K. . . .

## Dipaehan anak tere.

Nji Oepoek pamadjikan toekang pandaj, di kp. Tjibitoeng dessa Tjikole, district Limbangan afd. Garoet, dina malem Slasa tt. 28/9-26 geus dikadekan koe anak terena ngaran Enon nepi ka paehna, noe boga dosa njerenkeun maneh ka Loerah, perkarana tatjan aja katrangan.

## Kabar dagang.

Pasar Soerabaja 9-10-1926. Kopi f 57.— sapikoel.

Karet sa pond 113 c. 114 c. 115 c.

Kapoek sapikoel f 77,50, f 78,— f 79.50.

Siki kapoek sapikoel levering (di bikeunna) October Januari f 4,40.

Beas Ragoeni teu pajoe hargana mahal teuing.

Beas Saigon No. 1 f 10,30 No. 2 f 9,20.

Beas Bangkok (Siem) f 8,15 f 8,80.

Soeoek meunang mesek f 16,25, f 16,—

Gaplek f 3,15, f 3,20.

Djinten taja noe nawar.

Kopra ditawar f 16,60, dibikeun f 17,25.

Djagong ditawar sakojan f 112,50 dibikeun f 115,— (Ind. Court.).


**Boekhandel - Uitgeverij**
Tjikiraj Soekaboemi

Parantos ngaloearkeun deui boekoe nembe.

Uigave No. 12 (2e druk) wawatjan Hamat leutik bilih djoeragan-djoeragan palaj oeninga koemaha roeksakna kota² di Sumatra Koelon koe lini ageung sasih Juni 1926 pangaos moeng . . . . . . f 0,30.

Uitgave No. 8 bolong kagoengan garwa noe anom tjarios tooneel, sagenj djoeragan² istri pameget teu palaj oeninga koemaha elmoena . . . . . f 0,50

Sasih October 1926 katompernakeun tangtos parantos ditjitakna:

Uitgave No. 9 wawatjan Anglingdarma, sareng Uitgave No. 18 pegat toendangan, sadajana boekoe² kaloearan pribados tiasa dipesen ka toko² boekoe di:

Bandoeng, Tasikmalaja, Garoet sareng Poerwakarta.

**DOCTOR SOEKARDJO**
**Heerenstraat No. 18**
**(Poengkoereun Masdjid)**
Nampi tamoe oenggal dinten. 15

PARANTOS SAJAGI:
**Boekoe Pangadjaran**
„De Vier Indische Talen"
(Empat bahasa Hindia)
**Belanda - Melajoe - Soenda - Djawa.**
2 Karangan
L. A. LEZER

Teu kinten saena. Seueur pisan eusina.
Pangaos f4 — Parangkona f0,60.
Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.

**PIRELLI AUTO BANDEN**
(Fabriek ITALIE)
Agentschap Afdeeling Tasikmalaja.
**YO TEK SENG**
11 Telefoon 70.

Sekarang kita bisa tawarken pada Toean², dari satoe matjem band-auto merk Pirelli, jang soeda termashoer dari ia poenja koewat dan awet dipakenja. Di Negri ITALIE, ampir semoea orang jang mempoenjai auto tida soeka pake lain merk, selainnja dari merk Pirelli.

Satoe kaoentoengan besar boeat Toean-toean jang mempoenjai auto atawa vracht-auto kapan pake band auto merk Pirelli.

Djikaloe nomor² jang Toean² minta kabatoelan kita tida sedia, kita bisa kasi dateng didalem tempo sedikit hari, sebab kita bisa dapet bantoean dari Toko di Batavia, Soerabaja, dan Singapore.

9
**Schoenmakerij en Kleermakerij**
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea
**O. Sasmita.**

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djaksi | f 2,50 |
| sirobin (pamoelama) | f 0,25 |

**Toko SOENDA**
**TASIKMALAJA.**
Telefoon No. 56 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pieterz Coen pangaos f 3.50 t elo doea kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deui langkoeng oetami ningalian koe andjeun annaos dipoedji diasa-sae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.

Topi Boni kaloearan Fabriek Dewell, noe paling sae, pangaos f 3,50 No. 54 t/m 60.

**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moortjes, Ameropa, Delftsche post. Sigartten Abdulla, Clysma, Felucca, Maspero Kyriazi.

Roepa-roepa port, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**
13 **TASIKMALAJA.**


**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**
**West Pasar straat 16 Bandoeng**

16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Dr. Tan TJOEN HAIJ**
**ARTS**
Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina
Dir. Dr. SALEH Marhoem.
**Waktosna:**
**Endjing-endjing 7-9**
**Sonten 4-5**

**Toko Boekoe**
**WEBER**
DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.
**Prijscourant Anjar.**
Parantos sajagi:

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscouran kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.

Hoermatna
**H. E. Taijlor Weber.**

**SIK DJOEN KWAN**
**TOEKANG GIGI**
**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas sanlskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,
**SIK DJOEN KWAN**
8 Sarimbit.


**Oelah lepat Advertentie dina Sipatahoenan aos!!!**